



Leta Florida

gid pou prepare fanmi nou

ravaj natirèl ak ravaj lèzòm
kapab kraze yon
kominote annantye

Asire-w ke plan-w yo ap pwoteje fanmi-w e konsidere bezwen tout moun ou renmen-yo. Jan pou prepare-w se mande pou mande èd anvan yon katastròf rive nan kominote-w la, lakay-ou ak nan fanmi-w.

gouvènè jeb bush



Leta Florida-a, ak Depatman Lasante, prepare zouti sa-a pou nou sizanka ta gen ijans nan peyi-a. Depi 11 septanm 2001, peyi-a pran plis prekosyon e Florida fè tout efò pou sitoyen-li ak vizitè-yo kapab jwen'n enfomasyon yo ta bezwen sizanka yo ta atake Florida.

Florida gen esperyans nan kontrole sityasyon ijans. Peyi sa-a konnen tout kalite move tan byen tankou siklòn, inondasyon ak gwo dife. Men, depi atak teworis ki te fèt nan New York, Pennsylvani ak Washington, nou vin'n gen yon lòt kalite defi pou nou leve – ravaj lèzòm. Menm si nou pat ka wè yo ta pral atake nou jou katastròf 11 septanm sa-a, nou itilize sa tankou yon zouti ki pemèt nou wè yo alavans e prepare pou yo.

Sa ti liv ki rele “Gid pou prepare fanmi nou”-an ta renmen fè se bannou resous ak enfomasyon nou ta ka bezwen si Florida ta soufri yon katastròf natirèl ou byen yon atak lèzòm.

Tanpri, pran yon ti tan pou nou fè revizyon gid sa-a avèk fanmi nou. Map mande nou, tanpri sou ple, pou nou fè tout sa ki nesèsè pou nou prepare kay nou sizanka ta gen yon katastròf. Lè ou fè sa, fanmi-w ap pi byen prepare pou yo rezoud kèlkanswa ijans ki prezante.

M'ba nou garanti ke lidè gouvènman-yo ap pran tout prekosyon nesèsè pou pwoteje nou, kay nou ak tout fanmi nou. M'konte sou nou pou nou fè efò sa-a pou ke, men dan la men, Florida avèk nou pare pou korespon'n ak nenpòt ki bagay.

sekretè john o. agwunobi, doktè, e mèt kontab.



Depatman Lasante nan Florida kontinye travay chak jou pou asire sante ak sekirite moun kap viv nan peyi-a ak vizitè-yo. Lontan, gwo move tan sa-yo te konn fè gwo dega nan peyi-a e yo te fòse nou deplase anpil moun. Pa gen lontan, peyi-a te pase yon pakèt gwo pwoblèm ki te oblije nou louvri je nou pi gran pou nou wè bagay-yo.

Kòm kounyen anap gouden kont teworis ak lòt gwo pwoblèm ki ka rive nan mon'n nan, nou kontinye kwè ke li ta pi saj pou nou prepare nou tout bon.

Ravaj natirèl ak ravaj lèzòm ke yo ekri nan Gid pou prepare fanmi nou-an kab parèt enposib ou byen fè-w pè menm. Mwen mande ke yo fè e ke yo distribye bon zouti preparasyon sa-a pou tout moun sa kapab gen opòtinite apran'n, fè plan e prepare yo.

Lè yon moun ap fè fas tou le jou ak posibilite yon malè ka rive, li enpòtan pou li prepare mantal-li pou li kapab veyatif olye ke li pè. E pi tou, komanse rekonèt moun kinan zon nan ak sèvis yo bay nan kominote-a. Chèche konnen ki moun nan katye-a ki ka bezwen yon èd espesyal pandan ijans-la e pran devan nan sa ki kapab fèt nan moman sa-a.

Mespere ke nou pap janm gen pou wè yon katastròf kon sa. Men, se anvan li rive pou prepare pou li. Tanpri, pran tan-w jodya pou li e pou fè sa yo di-w fè nan ti liv sa-a e pi kreye pwòp plan fanmi-w pou lè gen katastròf ak ijans, e yon bwat pou mete bagay pou apre dega-yo.

kòman gid sa-a kapab ede-w



“Malè pa gen klakson” e souvan li kite dezòd ak ravaj dèyè-li. Leta Florida-a, ak Depatman Lasante, kreye Gid pou prepare fanmi sa-a pou moun kap viv nan peyi-a ak vizitè-yo, kòm yon referans ou byen yon zouti edikasyon, ki gen ladann:

- 1** Etap pou ekri yon **Plan fanmi pou sizanka ta gen katastròf ak ijans.**
- 2** Etap pou fè yon **Bwat bagay pou sizanka ta gen katastròf.**
- 3** Konsèy sou **Manm fanmi-an ki gen bezwen espesyal, timoun ak bèt.**
- 4** Yon papye sou **Plan fanmi pou sizanka ta gen katastròf ak ijans** pou ranpli (yon pati jòn nan mitan liv-la) ke ou kapab rale e kopye pou tout manm fanmi-an. Papye lan mitan-an gen **nimewo telefòn-yo** tou pou rele si-w bezwen enfòmasyon sou vil-la ak sipò-li.
- 5** Reyalite sou **ravaj natirèl ak ravaj lèzòm.**

lis bagay nou pral pale-yo

ekri yon plan sou katastròf ak ijans pou fanmi-w—2
fè yon bwat pou bagay sizanka katastròf—3

fanmi ki gen bezwen espesyal—4
zafè ti moun—5

sekirite bèt-yo—6

deplasman—7

menas natirèl —8
ravaj lèzòm—11

plan fanmi sizanka ta gen katastròf ak ijans—
jòn, rale pati lan mitan-an



prepare yon plan pou fanmi-w sizanka ta gen katastròf ak ijans

Pou plis enfòmasyon
Gouvènman ak
Gouvènman federal sou
ijans ak ki sa pou fè lè gen
katastròf ak ijans, ale nan
Entènèt:

- www.floridadisaster.org
 - www.redcross.org
 - www.ready.gov
 - www.fema.gov
- ou byen rele Biwo La-kwa
Wouj ki bò lakay-w an.

Sèvis Nasyonal pou
gaye nouvèl move tan,
avètisman, siveyans,
previzyon ak lòt
enfòmasyon tèt chaje,
24 trè sou 24.

Nou kapab achte
radio pou pran nouvèl
move tan nan
magazen ki van'n
aparèy elektronik ou
byen nan gran
magazen-yo.

KALKILE

Chèche rekonèt ki kote nan kominote-w nan ki ta ka gen katastròf, tankou ki kote ki ta kapab gen inondasyon, konpayi elektrik ak move pwodi chimik.

Diskite kijan katastròf natirèl ak ravaj lèzòm ta kapab frape fanmi-w. Kalkile si kay-ou ka domaje fasil, ak siklòn sibit, inondasyon, gwo dife ak van.

Tcheke asirans-ou. Parekzanp, pa gen kontra nan asirans kay-ou pou ravaj inondasyon. Se pou achte-l alavans pou yo kapab peye-w li.

PREPARE

Itilize gid sa-a kòm yon zouti pou prepare-w. Tcheke sit Entènèt-yo ki gen nan gid sa-a pou kapab jwen'n plis enfòmasyon ekzakteman sou bezwen fanmi-w.

Chèche konnen ki kote nan kay-la ki pi bon pou rete pou chak kalite malè. Anpil fwa, pi bon kote pou ta rete-a ka se pa lakay-ou, men yon lòt kote nan kominote-a. Lè se lè pou deplase, yap di-w ki wout pou fè.

Make wout pou sove soti lakay-ou ak ki kote tout moun rankontre (plas rasanbleman-yo), tankou kay yon vwazen, yon lekòl ou byen yon lokal piblik.

Fè yon chema sou ki jan moun-yo pral soti nan zon-nan, si nesesè. Gade nan paj 7.

Jwen'n yon moun ki rete lwen zon-ou kote ou kapab ale—zanmi ou byen manm fanmi-ou—pou chak moun nan fanmi-w gen yon sèl kote pou yo ale. Prevwa omwen 2 fason pou nou kominike (pa ekzanp, pa Entènèt, telefòn ou byen selilè).

Prepare pou bèt-yo tou sizanka ou ta gen pou deplase. Anpil kote ap aksepte bèt ki antrene pou ede moun.

Ranpli papyè ki mande enfòmasyon sou fanmi-an lè gen ijans nan pati jòn ki nan mitan liv Gid-la, ke ou kapab rale-a, paj 4 - 7.

Ekri nimewo telefòn pou lè gen ijans toupre telefòn-ou an epi asire-nou ke timoun-yo konnen kòman e ki lè pou yo rele 911.

Rasanble epi sere yon bwat ki genyen tout bagay pou sizanka ta gen yon katastròf. Gade paj 3–6 e pati nan mitan pou rale-a. Yon radio ak pil kap bay nouvèl sou move tan-an e ki genyen yon son espesyal pou alam se yon zouti ki kapab sove vi-w. Lè gen yon ijans, moun nan Sèvis Nasyonal pou Move Tan-an kap bay nouvèl ap sispan'n pwogram nouvèl nòmal-yo epi yap voye son espesyal-la kap derape radio kap bay nouvèl sou move tan-an nan zòn ki kapab koute-yo.

Al lekòl pou nou apran'n bay premye swen-yo, swen pou moun ki fè kè ak preparasyon pou katastròf.

KONTROLE EPI AJI

Lè gen yon katastròf, **koute nouvèl** pou nou kapab jwen'n enfòmasyon ak sa pou fè.

Deplase ou byen chèche jwen'n bon swen doktè byen vit, si otorite-yo di-w se sa pou fè. Si ou pa kapab jwen'n anken enfòmasyon, gade byen pou wè si ou nan yon zòn ki gen danje ladan'n. Ke ou rete ou byen ou deplase, **pa panike**. Swiv plan ou te prepare pou fanmi-w nan.

fè yon bwat pou sizanka ta gen yon katastròf

Pou plis ide sou bagay moun ki gen bezwen espesyal, ti moun, ak bèt, gade paj 4 –6.

Yon bwat pou sizanka ta gen yon katastròf pou lakay-w, ke ou kapab itilize si ou gen pou deplase, te dwe genyen bagay ladan’nan 6 kategori ki nesèsè: (1) dlo, (2) manje, (3) bagay ak medikaman pou premye swen, (4) rad, dra ak zòrye pou kaban’n, (5) zouti ak bagay pou sizanka ta gen ijans, epi (6) papyè enpòtan fanmi-an. Gen yon lis pou bagay sa-yo nan pati jòn pou rale, nan mitan-an, nan paj 2-3.

Wap bezwen bagay sa-yo si ou bloke lakay-ou. Wap kontan genyen-yo tou si ou deplase wale yon kote ki pa gen tout bagay ou bezwen, ou byen oka ou pa si yo gen bagay sa-yo.

MEN IDE POU KAPAB PREPARE YON BWAT

- Fèmen bagay ki kapab detache-yo byen fèmen nan yon sache plastik pou van pa antre.
- Rasanble bagay-yo nan bwat ou kapab pote fasil ou byen sak vwayaj. Mete-yo yon kote ou kapab pran yo fasil, toupre pòt kote ou soti tout tan-an.
- Tcheke epi mete lòt bagay ke ou te blye epi mete bagay fanmi-w ta ka bezwen ladan’n omwen yon fwa pa ane.

MEN IDE POU DLO AK MANJE

- 1** Yon moun nòmal ta bezwen bwè yon demi-galon dlo chak jou. Si fè cho ou byen ou bat kò-w anpil ou ka bezwen 2 fwa sa-a. Timoun, fanm kap bay tete, e moun ki gen bezwen espesyal ka bezwen pi plis ankò.
- 2** Chak moun bezwen yon lòt demi-galon pou preparasyon manje ak netwayaj chak jou.
- 3** Li pi bon pou achte boutèy dlo ki byen fèmen pou stoke lakay-w. Se sa Biwo kontròl manje-a mande, li pa gate paske tanperati-a chanje menm jan dlo ki dekouvri-yo fè, e li pa gate lè li rete sou etajè nan magazen-an (Gen yon seri boutèy ki gen dat espirasyon sou yo, men se pou moun-yo sa kapab fè kontròl boutèy-yo).
- 4** Chwazi manje ki konsantre, lejè, ki pa bezwen-w mete-yo nan frigidè, ki pa bezwen kwit ou byen preparasyon, epi manje ki bezwen tikal dlo ou byen ki pa bezwen dlo ditou.
- 5** Si-w oblije chofe manje ou byen chofe dlo, itilize ti boutèy gaz ki gen recho vise sou tèt-yo ak yon pye byen solid. Epi tou, kenbe boutèy gaz ki nan Babekyou-yo, fou pou fè manje deyò-yo ak fou agaz-yo foul gaz. Yon dènye bagay ou taka fè, ou kapab itilize boutèy gaz tankou sa yo rele Sterno-yo. Kòm ou ka pa kapab jwenn frijidè fasil ou byen pa gen anpil, kwit kantite manje ou kapab manje yon sèl kou.
- 6** Lave men-w avèk savon ak dlo se yon bagay ki trè zenpotan. Men, si pa genyen ase dlo pou lave men-w, itilize yon likid ki gen alkol ladan’n.

preparasyon pou katastròf nan fanmi ki gen bezwen espesyal-yo



Preparasyon se kle lè ou bezwen viv apre yon katastròf fin'n pase epi range dezòd li kite dèyè-li. Fanmi ki gen bezwen espesyal-yo fèt pou konsantre kapasite yo genyen pou yo degage-yo epi fòk yo prevwa bagay an plis nan bwat bagay pou katastròf-yo.

Moun ki genyen manm fanmi-yo ki gen bezwen espesyal fèt pou yo pran plis prekosyon pou asire ke yo pare pou katastròf-la. Men yon seri ide ke Lakwa Wouj Ameriken-an ak Ajans federal kontròl ijans (FEMA) bay. Fanmi ki gen bezwen espesyal-yo fèt pou analize avèk anpil prekosyon ki chwa yo genyen. Yo te dwe poze tèt-yo keksyon sa-yo:

- Eske nou kapab satisfè tout bezwen fanmi-nou pandan 3 jou avèk yon ti kras èd ou byen san anken'n èd lòt moun?
- Eske nou kapab fè fas pou kont nou ak nenpòt ki kriz ou byen ijans pandan tan sa-a?
- Eske nou kapab pran desizyon sou bezwen espesyal nou-yo san nou pa pran konsèy ou byen èd pandan 3 jou?
- Eske nou gen ase bagay e ekipman pou fè fas ak bezwen espesyal nou-yo pandan 3 jou?

Si-w repon'n "non" pou kèlkeswa keksyon ke nou fèk poze-w la-a, fanmi-yo fèt pou konsidere seriezman pou yo deplase soti lakay-yo sizanka ta gen yon katastròf. Preparasyon espesyal-la te dwe genyen ladan'n ki jan pou yo deplase ak ki bò pou yal reabite ankò. Anpil zòn gen "Kote pou moun ki gen bezwen espesyal" ki genyen doktè, enfimiyè ak ekipman espesyal ladan-yo. Lè wap prepare-a, tcheke kote sa-yo nan zòn-ou an epi vin'n abitye ak adrès-yo, fason ak règ-yo ki di ki kantite moun yap bay pèmasyon pou akonpaye moun nan fanmi-an ki gen bezwen espesyal sa-yo.

Pou plis enfòmasyon sou kote sa-yo, rele Biwo Lakwa Wouj bò lakay-w-a, ou byen kontakte biwo kontròl ijans nan kominote-a pou kapab anrejistre davans nan yon kote pou moun ki gen bezwen espesyal. Gade nan paj 8 nan pati jòn nan mitan-an pou ka jwen'n nimewo telefòn nan kominote-a pou ede-w.

BAGAY POU NOU KONSIDERE POU MOUN KI GEN BEZWEN ESPEYAL-YO

- ☐ pou aparèy pou respire, lòt ekipman elektrik medikal ou byen oksijèn – fò fè aranjman davans avèk doktè-w la ou byen tcheke avèk moun ki kon'n ba-w oksijen-nan sou zafè plan ijans-yo.
- ☐ yon estòk 2 semèn'n bagay ou ka sèvi tankou bandaj, ti aparèy plastik pou foure nan nen-w lan, katetè pou sifonnen, eksetera.
- ☐ medikaman pou 2 semèn'n, sa ki mande preskripsyon doktè ou byen sa ki pa mande sa
- ☐ generatè elektrik pou ekipman doktè-yo
- ☐ kopi preskripsyon pou aparèy doktè-yo, bagay ki mache avèk yo ak medikaman – mande doktè-a ou byen famasyon-an ki jan pou byen sere medikaman ki mande preskripsyon-yo
- ☐ linèt ou kole sou zye-w ak bagay ki mache avèk yo
- ☐ lòt linèt an plis
- ☐ pil an plis pou aparèy zòrèy-yo ak aparèy pou komunikasyon

pwoblèm timoun

Fè yon bwat pou pitit-ou. Men sa pou ta mete ladan'n:

- | | |
|---|--|
| ☐ yon seri liv yo renmen, kreyon ak papye | ☐ jwèt pasyans yo rele puzzle-yo, yon jwèt ou kapab jwe pandan ou chita, yon jwèt kat |
| ☐ dra ou byen zòrye yo pi pito | ☐ foto fanmi-an ak bèt nan kay-la |
| ☐ de jwèt yo pi pito, tankou yon pope ou byen yon ti tonton plastik, ti pope ou byen ti bèt an twèl yo pi pito | ☐ lòt bagay espesyal ki kapab fè-yo santi-yo byen |

Timoun ka imajine nenpòt ki bagay nan tèt-yo ki fè-yo pè, e fòk papa ak manman-yo pran sa trè zoserie. Si ou pale ak yon timoun epi ou aji yon bon fason, li ka pa pè anko. Lè w-ap pale ak pitit-ou, asire-w ke ou prezante-li sityasyon-an jan li ye-a nan yon fason onèt e ke li ka kontrole.

Sonje ke, apre yon katastròf, sa timoun-yo pi pè se:

- Yap separe ak fanmi-yo.
- Dega-yo pral rive ankò.
- Moun pral blese ou byen yap mouri.
- Yo pral rete pou kont-yo.

Kat vaksinasyon timoun-yo te dwe ajou depi yo tou piti pou pwoteje-yo kont maladi vaksen-yo ka anpeche, san konte yon epidemi ki ka deklare pandan katastròf-la.

- Kenbe yon kopi kat vaksinasyon konplè timoun-ou yo nan bwat pou katastròf-la tou kole ak enfòmasyon pou sizanka ta gen yon ijans nan fanmi-an.
- Tout manm fanmi-an te dwe ekri dènye jou yo te pran vaksen Tetanos-difteri-a nan kat sa-a tou.

KONSÈY AKADEMI AMERIKEN POU TIMOUN SOU SA POU DI TIMOUN-YO APRE YON KATASTRÒF

Apre kalite katastròf ki te rive jou 11 septanm 2001 sa-a, Akademi Ameriken pou Timoun (AAP) te bay kèk konsèy sou jan pou pale ak timoun-yo ak jèn-yo pandan periòd kriz-yo.

Li enpòtan pou di timoun-yo ke fanmi-an solid. Timoun bezwen paran-yo di-yo ke fanmi-an pa an danje. Jèn-yo, sitou, ka soufri anpil lè gen kalite katastròf sa-yo. Paran-yo sipoze ap veye pou wè si yo dèmi byen, si yo pa fatigue fasil, si yo pa renmen fè sa yo te abitye fè anvan-yo e si yap pran dwòg an cachèt.

Lè yon moun tande twòp nouvèl, sa ka aji sou-li anpil. Li pi bon pou pa ta kite timoun-yo ak jèn-yo gade imaj dega ekstraodinè sa-yo tout tan. Timoun ak jèn-yo pat dwe gade bagay sa-yo pou kont-yo.

Gran moun-yo fèt pou ede timoun-yo konpran'n ijans ak katastròf-la. Diskisyon-an trè zenpotan. Si toutfw lèzòm ta fè yon dega, estrès ke gen yon posibilite yon teworis ka frappe kapab ba-w dekourajman epi fè-w pè anpil. Esplike timoun-yo sa yon fason sinp tankou, "Gen moun deyò-a kap fè move bagay. Men pa gen yon sèl gwoup moun ki pa gen yon bon moun ladan'n."

Ou kapab jwen'n plis enfòmasyon sou Entènèt-la nan www.aap.org.

sekirite bèt-yo



Si ou kite bèt-yo dèyè, menm si ou ranje yon kote an sekirite pou yo, se kòm si ou te kite-yo pou yo blese, pèdi ou byen mouri.

Preske tout kote pa pran bèt. Prepare alavans.

Pou plis enfòmasyon, vizite sit Entènèt sa-yo:

■ Preparasyon bèt-yo ("Pet Preparedness")

www.floridadisaster.org

■ Asosyasyon Ameriken pou Doktè Pou Bèt ("American Veterinary Association")

www.avma.org

■ Sosyete pou moun nan Etazini ("Humane Society of the United States")

www.hsus.org

Sosyete pou moun nan Etazini an koperasyon avèk Lakwa Wouj te anpile enfòmasyon ke ou pral li-yo sou sekirite bèt-yo.

JWEN'N YON BON KOTE POU MENNEN BÈT-OU YO

Kote Lakwa Wouj mete bèt apre yon katastròf pa kapab aksepte bèt-yo poutèt eta sante-yo ou byen pou sekirite-yo ou byen pou lòt rezon. Sèl bèt yo pran nan kay Lakwa Wouj-la se bèt ki kapab ede moun. Li ka difisil pou jwen'nan yon kote pou mete bèt-ou nan mitan yon katastròf, donk prepare-w alavans.

Kontakte lotèl ki lwen kote ou rete-a pou tcheke règ pou yo aksepte bèt-yo e ki kantite, ki gwosè ak ki kategori bèt yo pran. Mande si règ ki di "Nou pa vle bèt"-la kapab chanje nan moman ijans-la. Fè yon lis kote "yo aksepte bèt", ak tout nimewo telefòn-yo ak lòt enfòmasyon sou katastròf.

Mande moun ki rete lwen-w si yo ta kapab kenbe bèt-yo pou ou. Epiyou, prepare yon lis kote yo resevwa bèt ak yon lis doktè pou bèt ki ta ka kenbe bèt-yo sizanka ta gen yon ijans; ajoute nimewo telefòn ki mache 24 trè sou 24-yo. Mande kote ki pre-w yo si yo kapab pran bèt-yo si gen ijans ou byen si yo okipe bèt-yo pandan yon katastròf. Kote sa-yo kapab deja gen twòp bèt pou yo okipe, donk fòk se ta dènye solisyon pou-ou.

RASANBLE YON BWAT BAGAY POU BÈT KI FASIL POU POTE SIZANKA TA GEN YON KATASTRÒF

Mete bagay-yo nan yon kote ou ka pran-yo fasil epi sere-yo nan bwat byen di pou dlo pa antre ladan-yo ke ou kapab pote fasil. Men sa pou ta mete nan bwat pou sizanka ta gen yon katastròf:

- ☐ medikaman (pou anpeche yo gen vè, ou byen mouch kouvri-yo), rapò doktè (rapò tankou tès yo rele Coggins-la pou chwal, laraj/sètifica pou vaksinasyon pou lòt bèt)
- ☐ rapò anrejistreman, pyès elektronik/enfòmasyon sou mak yo gen sou yo
- ☐ bwat pou premye swen
- ☐ kòd solid, sele bride, e/ou byen gwo bwat anfè kote yo kapab kanpe ou byen vire kò-yo ladan'nan

- ☐ kaban'nan ak jwèt pou bèt, ke ou kapab pote fasil
- ☐ nouvo foto bèt-yo
- ☐ manje ak dlo pou bwè pou 3 jou, bòl, ti aparèy pou louvri bwat-yo
- ☐ bwat/kote chat-yo fè bezwen-yo
- ☐ enfòmasyon sou lè manje-yo, pwoblèm sante-yo, pwoblèm konpòtman-yo, e non ak nimewo telefòn doktè-yo sizanka ou ta bezwen kenbe ou byen okipe bèt

GWO BÈT

Moun ki gen gwo bèt, tankou chwal ak bèf, te dwe prepare yon paj ekri dapre bezwen espesyal bèt sa-yo. Pale ak doktè bèt-yo ou byen moun kap okipe-yo a, epi ale sou Entènèt-la pou sa kapab tcheke pou plis enfòmasyon.

deplasman

Lè ou nan yon bildin' ou pa abitye, chèche kote ou kapab sòti-yo. Nan travay, chèche konnen ki preparasyon yo fè nan biwo-a pou deplasman.

Nan plan pou fanmi-w sizanka ta gen yon katastròf epi ijans, make wout pou ale nan kote pou rete-yo ak kote ki lwen-w yo. Eseye lòt wout tou.

Sonje kote yo reyni-yo nan zòn-nan, yo kon'n rele "Kote pou rankontre", e yon moun ki rete lwen vil-la sizanka ta gen moun nan fanmi-an ki ta separe (gade nan paj 5–6 nan pati jòn, nan mitan ti liv-la).

Si-w gen timoun lekòl, chèche konnen ki kote, ki sa yo prepare sizanka ta gen ijans e ki kote yap voye elèv-yo si yo ta gen pou deplase moun-yo.

- **Kontrole nouvell pou konnen ki sa pou fè si yap deplase moun.** Si yo di-w deplase, fè sa vit.
- **Swiv sa yo di-w fè sou wout deplasman-yo.**
- **Pote bwat bagay sizanka ta gen katastròf-la.**
- **Kenbe omwen mwatye foul tank gaz nan machin'n-ou tout tan.** Pa janm sere gaz lakay-ou, nan machin'n-ou ou byen nan depo-w.
- **Si-w pa gen machin'n, prepare yon lòt jan pou souve.**
- **Fèmen kay-ou a kle.** Kite yon nòt sou papye nan yon anvlòp fèmen ki make "enfòmasyon pou ijans" yon kote tout moun ka wè-li. Mete ki lè ou ale, ki kote ou prale, e nimewo telefòn-ou.
- **Tcheke gran moun-yo, ki ta kapab bezwen èd-ou ou byen bon pawòl pou yo pa pè.**
- **Ekzèse preparasyon sekirite bèt-yo kòm si se te vre.**

Si-w gen tan:

- **Telefonnen ou byen voye yon mesaj sou Entènèt bay moun ki lwen zòn-ou sou preparasyon ou fè-yo.**
- **Si gen kote nan kay-ou ki kraze epi yo di-w pou deplase, fèmen tout van'n dlo-yo, gaz-yo ak elektrik-yo anvan ou soti.** Chèche konnen ki kote bouch dlo ak gaz-yo ye anvan katastròf-la rive. Si ou fèmen gaz-la, sèl yon moun pwofesyonèl kapab louvri-li ankò. Pa eseye fè sa pou kont-ou.
- **Tcheke avèk vwazen-w yo sizanka yo ta bezwen èd-ou e/ou byen woulib.**

menas natirèl—sa ou dwe konnen

Inondasyon

Siklòn

Gwo dife

Si ou depan'n de dlo nan pwi ou byen ou itilize-li/ou byen ou sèvi ak dlo pwòp nan droum-yo, pran prekosyon pandan e apre yon inondasyon. Pou plis enfòmasyon, vizite www.doh.state.fl.us (keksyon: dlo wap bwè ak tou egou, sou Entènèt-la) ou byen kontakte Depatman lasante nan kominote zòn-w an.

Sezon siklòn se 1 jen rive nan 30 novanm ■ "Siveye" ("Watch") —siyal siklòn-yo kapab rive nan 36 zèd tan. ■ "Avètisman" ("Warning")—sou fòs van siklòn-yo kapab rive nan 24 trèd tan.

INONDASYON

Eske wap viv laplen'n kote ki gen anpil inondasyon? Eske ou peye ase kòb pou asirans? Men sakpase ou byen ide pou sizanka ta gen inondasyon:

- Kantite dlo kap koule wotè 12 pous sèlman kapab bwote anpil mak machin'n.
- 6 pous sèlman dlo inondasyon kap koule rapid kapab jete yon moun, fi kou gason.
- Pa travèse dlo-a e pa kite timoun-yo jwe nan dlo inondasyon-yo.
- Pa eseye kondwi nan lari ou byen sou pon ki ranpli ak dlo.
- Koute Sèvis nasyonal pou kontròl tan-an nan radio e siveye nouvel pou zòn-nan sou inondasyon ak avètisman.
- Pou asirans sou inondasyon, rele Pwogram nasyonal pou asirans inondasyon nan 1-800-427-4661. Sonje ke asirans pou kay pa pou dega inondasyon tou. Se pou achte-l separe e alavans pou yo kapab peye-w.
- Dlo inondasyon-yo kap bese ak fatra kap kenbe dlo-yo vin'n kreye bon kote pou moustik-yo kapab fè pitit. Moustik ak zwazo malad kapab multipliyè maladi-yo trè byen.
- Pou pwoteje tèt-ou pou pa pran maladi moustik-yo pote, se pou mete rad manch long, pantalon ak chosèt. Itilize yon pwodi ki chase moustik tankou sa yo rele DEET-la e rete anndan lè solèy couche ak bonè lematen, lè moustik-yo pi aktif.
- Repare twou ki nan eskrin'n dèyè pòt-yo ak pòt-yo tou pou moustik-yo pa jwenn kote pou yo antre e jete tout dlo ki rete la san deplase ki se pi bon kote pou moustik-yo fè pitit.

SIKLÒN AK KATASTRÒF KI SANBLE-YO: GWO LORAY, INONDASYON, GWO VAN, TOUBIYON, MOVE TAN GRAV

Eske ou viv bò lan mè ou byen laplen'n, kote ki kab gen inondasyon? Eske kay-w a ekipe pou reziste van siklòn ki gen vitès plis ke 74 kilomèt pa è?

- Asire-w ke kay-w a gen yon koneksyon ki sòti nan mi-an rive jis nan fondasyon kay-la (yon fè ki plante nan siman).
- Konsolide pòt garaj-la ak sipò nan mitan-li.
- Kwaze moso bwa ou byen ba fè sou pòt-yo epi kloure-yo.
- Mare yon seri bwa nan plafon kay-la kole nan mi-an ak klou pou siklòn menm.
- Kouvri fenèt-yo e pòt-yo ak planch ki kapab reziste siklòn, byen mare, ak materio pou sa menm.

Eske ou gen yon pyès nan kay-la ki gen sekirite? Eske ou genyen yon kote an sekirite ke-w deja konnen kote ou kapab ale si ou gen pou deplase?

- Yon pyès kay ki gen sekirite pat dwe genyen ouvèti ladan'n, ou byen sil ta genyen, fòk yo ta tou piti.
- Sa ki ta pi bon, se kay yon fanmi ou byen yon zanmi ki rete lwen kote ki gen siklòn-nan.
- Chèche konnen ki kote kay ki bay pwoteksyon-yo ye nan zòn-nan.
- Sòti la kay-ou byen alavans pou ka rive atan – wout-yo pral plen moun.

FIRST AID KIT



plan fanmi pou katastròf ak ijans

Sa-a se yon seksyon ou kapab rale pou jwen'n enfòmasyon pèsònèl pou fanmi-w. Pran tan-w pou ranpli-li, epi apre fè kopi pou chak manm fanmi-an kapab jwen'n enfòmasyon sa-yo fasil lakay-yo, nan travay-yo, ak nan lekòl-yo, eksetera.

Kèk sit nan Entènèt-la kote nou ka jwen'n enfòmasyon pou manje ak dlo-vo pa gate:

■ Pou manje-vo pa gate ("Food Safety")
www.foodsafety.gov/~fsg/fsgadvic.html

■ USDA Enfòmasyon pou manje-vo pa gate e pou konsomatè-vo tou ("USDA Food Safety and Consumer Information")
www.fsis.usda.gov/OA/consedu.htm
■ FightBAC!®
www.fightbac.org/main.cfm

■ FDA Liv sou ti bèt ki pa bon-vo ("FDA Bad Bug Book")
vm.cfsan.fda.gov/~mow/intro.html
■ CDC Pawòl sou lasante ("CDC Health Topics")
www.cdc.gov

DLO AK MANJE

Prepare bagay pou 3 jou.

- ☐ yon galon dlo pa jou pou chak moun
- ☐ vian'n, fwi ak legim nan bwat tou prepare
- ☐ bagay pou fè manje (sèl, sik, pwav, epis, eksetera)
- ☐ lèt an poud
- ☐ ji an bwat
- ☐ manje nan sache ki bay anpil enèji

- ☐ manje ki fè-w santi-w byen e ki wete estrès
- ☐ manje pou ti bebe
- ☐ manje pou moun ki gen bezwen espesyal
- ☐ Pedialyte (pou moun ki pèdi anpil dlo nan kò-vo, si yo bezwen)
- ☐ veso pou tab ou byen tas an papye, asièt ak ajantri plastik
- ☐ ti aparèy ki pa elektrik pou louvri bwat-vo, gwo kouto

ZOUTI AK BAGAY POU SIZANKA TA GEN IJANS

- ☐ ti liv/gid pou prepare fanmi-w
- ☐ kòb kach ou byen chèk vwayaj, monnen
- ☐ kat zòn-nan pou sa kapab jwen'n kote yo resevwa moun-vo
- ☐ radio ak pil, pil an plis
- ☐ flach, pil de rechanj
- ☐ fboutèy wouj an fè-vo pou touye dife: ti boutèy piti-vo ki tankou kalite ABC-a
- ☐ pens
- ☐ konpa
- ☐ baton dife pou fè siyal
- ☐ siflèt
- ☐ gwo rench pou fèmen dlo e/ou byen gaz nan kay-la
- ☐ plastik ki genyen fòm kay pou domi ladan'n
- ☐ fèy plastik
- ☐ bwat plastik pou sere bagay
- ☐ bokit plastik byen fèmen ak bouchon

- ☐ sache fatra ak ti kòd pou fèmen tèt-vo pou pwopete
- ☐ tep (kalite ki an plastik-la e sa ki pa transparan-an)
- ☐ bouji
- ☐ alimèt nan yon bwat ki pap kite dlo antre
- ☐ papye ak kreyon
- ☐ zegwi ak fil
- ☐ ti boutèy pou mete gout
- ☐ papye aliminiòm
- ☐ papye twalèt, ti fèy papye twalèt
- ☐ sèvièt
- ☐ savon, fab likid
- ☐ dezenfektan
- ☐ kloròx
- ☐ bagay pou ijyèn fi
- ☐ bagay pou pwòpte kò-w
- ☐ bagay pou ti bebe (kouchèt, bibwon, sison)

RAD AVÈK DRA AK ZÒRYE

Mete omwen yon je konplè rad ak soulye pou chak moun.

- ☐ soulye solid, bòt travay, kaskèt, gan
- ☐ dra ou byen sak pou antre ladan'n pou dòmi
- ☐ bagay plastik pou lapli
- ☐ linèt preskripsyon an plis, linèt solèy

Panse fè yon bwat pèsònèl pou travay sizanka ta gen yon katastròf. Pou plis enfòmasyon sou ki jan pou fè sa, vizite sit Lakwa Wouj ("Red Cross") sou Entènèt-la nan www.redcross.org/services/disaster/be-prepared/workkit.html

Pou ka rele Sant Leta pou Kontròl Pwazon nan zòn nan, rele: 1-800-222-1222.

BWAT PREMYE SWEN-YO

Rasanble bagay sa-yo pou kay-ou e pou chak machin'n nan yon bwat premye swen. Mete ladan'n medikaman enpòtan chak moun ta bezwen pandan 3 jou.

- | | |
|--|--|
| ☐ medikaman preskripsyon | ☐ pensèt |
| ☐ bandaj adezif pwòp plizye gwozè diferan | ☐ zegwi |
| ☐ ti moso twèl 2 pous pou fè pansman (4 a 6) | ☐ tèmomèt |
| ☐ ti moso twèl 4 pous pou fè pansman (4 a 6) | ☐ bwa krem pou bese lang moun-yo (2) |
| ☐ roulo bandaj pwòp 2 pous (3 roulo) | ☐ medikaman san preskripsyon <ul style="list-style-type: none"> ■ aspirin'n ou byen medikaman pou doulè san aspirin'n ■ medikaman pou diare ■ medikaman pou asid lestomak ■ medikaman pou konstipasyon ■ pomad atibiotik |
| ☐ roulo bandaj pwòp 3 pous (3 roulo) | ☐ siwo lpecac (pou fòse moun-yo vomi, si Sant pou kontròl pwazon-an dakò) |
| ☐ bandaj fòm 3 pwent (3) | ☐ likid nwa espesyal pou moun ki pran pwazon (itilize-li si Sant pou kontròl pwazon-an dakò) |
| ☐ gan plastik (omwen 2 pè gan) | ☐ krèm pou solèy pa boule-w |
| ☐ bagay pou netwaye, savon ak ti sèvièt mouye | ☐ pwodwi pou moustik pa mòde-w |
| ☐ likid pou anpeche enfeksyon | |
| ☐ Vaseline ou byen lòt mak vazlin'n | |
| ☐ plizyè gwozè diferan epeng kouchèt | |
| ☐ sizo | |

PAPYE ENPÒTAN FANMI-W

Kenbe kopi papye-yo nan yon bwat ki pa kite dlo antre e ki fasil pou pote.

- | | |
|--|---|
| ☐ yon kopi konplè pati jòn liv sa-a, pou rale-a | ☐ papye vaksen |
| ☐ testaman | ☐ nimewo kontanbank-ou |
| ☐ papye asirans | ☐ nimewo kat kredi-w avèk non ak nimewo telefòn konpayi-yo |
| ☐ kontra ak papye kay | ☐ lis bagay nan kay-la ki gen valè |
| ☐ papye estòk makèt ak papye envestisman nan leta | ☐ papye fanmi-an (batistè, papye mayaj, ak papye lanmò) |
| ☐ Kat Sosyal-ou | ☐ foto manm fanmi-an pran pa gen lontan |
| ☐ paspò | |

enfòmasyon ijans pou fanmi-an

NIMEWO TELEFÒN IJANS NAN ZÒN-NAN

IJANS POU LAPOLIS (911)

LAPOLIS SI PA GEN IJANS

DEPATMAN PONPYE

ANBILANS

DEPATMAN SANTE NAN KOMINOTE-A

DIREKSYON SÈVIS IJANS NAN KOMINOTE-A

LAKWA WOUJ NAN ZÒN-NAN

KOTE YO RESEVWA MOUN NAN ZÒN-NAN

MANB FANMI-YO

NON	DAT YO FET	NON SAN-YO (A, B, O OU BYEN AB)
-----	------------	---------------------------------

NON	DAT YO FET	NON SAN-YO
-----	------------	------------

NON	DAT YO FET	NON SAN-YO
-----	------------	------------

NON	DAT YO FET	NON SAN-YO
-----	------------	------------

NON	DAT YO FET	NON SAN-YO
-----	------------	------------

NON	DAT YO FET	NON SAN-YO
-----	------------	------------

NON	DAT YO FET	NON SAN-YO
-----	------------	------------

NON	DAT YO FET	NON SAN-YO
-----	------------	------------

NON	DAT YO FET	NON SAN-YO
-----	------------	------------

NON	DAT YO FET	NON SAN-YO
-----	------------	------------

NON	DAT YO FET	NON SAN-YO
-----	------------	------------

NON	DAT YO FET	NON SAN-YO
-----	------------	------------

Gade nan paj 8 nan
pati sa-a pou ka
jwen'n lis depatman
lasante-yo nan
kominote-a ak
nimewo telefòn
ijans pou direksyon
nan kominote-a.

Kenbe, sou la men e
nan yon kote ki an
sekirite e san danje,
nimewo sosyal
zanmi-w ak fanmi -
w, ki fè pati Plan
fanmi-an pou
sizanka ta gen
katastròf ak ijans.

NIMEWO TELEFÒN FANMI-AN

NON-W	TRAVAY	LAKAY	SELILÈ
NON-W	TRAVAY	LAKAY	SELILÈ
NON-W	TRAVAY	LAKAY	SELILÈ
NON-W	TRAVAY	LAKAY	SELILÈ
NON-W	TRAVAY	LAKAY	SELILÈ
NON-W	TRAVAY	LAKAY	SELILÈ
SWEN POU TIMOUN/GRANMOUN		TELEFÒN	
SWEN POU TIMOUN/GRANMOUN		TELEFÒN	
LEKOL TIMOUN-NAN		TELEFÒN	
LEKOL TIMOUN-NAN		TELEFÒN	

NIMEWO TELEFÒN ZANMI AK VWAZEN

NON-YO	NIMEWO TELEFÒN-YO
NON-YO	NIMEWO TELEFÒN-YO
NON-YO	NIMEWO TELEFÒN-YO
NON-YO	NIMEWO TELEFÒN-YO

NIMEWO TELEFÒN MOUN KAP VIV LWEN VIL-LA

1 NON-YO	NIMEWO TELEFÒN-YO
2 NON-YO	NIMEWO TELEFÒN-YO
3 NON-YO	NIMEWO TELEFÒN-YO
4 NON-YO	NIMEWO TELEFÒN-YO

KOTE POU TOUT MOUN RANKONTRE

1

LAKAY	TELEFÒN	LWEN LAKAY	TELEFÒN
-------	---------	------------	---------

2

LAKAY	TELEFÒN	LWEN LAKAY	TELEFÒN
-------	---------	------------	---------

3

LAKAY	TELEFÒN	LWEN LAKAY	TELEFÒN
-------	---------	------------	---------

4

LAKAY	TELEFÒN	LWEN LAKAY	TELEFÒN
-------	---------	------------	---------

ENFÒMASYON MEDIKAL

DOKTÈ	NIMEWO
-------	--------

DOKTÈ	NIMEWO
-------	--------

DOKTÈ	NIMEWO
-------	--------

DANTIS	NIMEWO
--------	--------

DANTIS	NIMEWO
--------	--------

FAMASI	NIMEWO
--------	--------

DOKTÈ BÈT	NIMEWO
-----------	--------

NON MOUN-NAN	MEDIKAMAN-LI
--------------	--------------

NON MOUN-NAN	MEDIKAMAN-LI
--------------	--------------

NON MOUN-NAN	MEDIKAMAN-LI
--------------	--------------

NON MOUN-NAN	MEDIKAMAN-LI
--------------	--------------

NON MOUN-NAN	MEDIKAMAN-LI
--------------	--------------

NON MOUN-NAN	MEDIKAMAN-LI
--------------	--------------

NON MOUN-NAN	MEDIKAMAN-LI
--------------	--------------

NON MOUN-NAN	MEDIKAMAN-LI
--------------	--------------

NON MOUN-NAN	MEDIKAMAN-LI
--------------	--------------

NON MOUN-NAN	ALÈJI	KONDISYON ESPESYAL
NON MOUN-NAN	ALÈJI	KONDISYON ESPESYAL
NON MOUN-NAN	ALÈJI	KONDISYON ESPESYAL

PAPYE ASIRANS

NON KONPAYI-AN	KI SA LI ASIRE-A	NIMEWO KONTRA-A
DAT YO EKRI-LI	DAT LI ESPIRE	
NON MOUN KI EKRIL-LA	NIMEWO TELEFÒN-LI	
NON KONPAYI-AN	KI SA LI ASIRE-A	NIMEWO KONTRA-A
DAT YO EKRI-LI	DAT LI ESPIRE	
NON MOUN KI EKRIL-LA	NIMEWO TELEFÒN-LI	
NON KONPAYI-AN	KI SA LI ASIRE-A	NIMEWO KONTRA-A
DAT YO EKRI-LI	DAT LI ESPIRE	
NON MOUN KI EKRIL-LA	NIMEWO TELEFÒN-LI	
NON KONPAYI-AN	KI SA LI ASIRE-A	NIMEWO KONTRA-A
DAT YO EKRI-LI	DAT LI ESPIRE	
NON MOUN KI EKRIL-LA	NIMEWO TELEFÒN-LI	
NON KONPAYI-AN	KI SA LI ASIRE-A	NIMEWO KONTRA-A
DAT YO EKRI-LI	DAT LI ESPIRE	
NON MOUN KI EKRIL-LA	NIMEWO TELEFÒN-LI	

Pou plis enfòmasyon, kontakte Depatman lasante nan kominote-a ki gen adrès-li ekri an ba paj-la. Biwo direksyon ijans kominote-a nan zòn-nan (nimewo telefòn-yo ekri pi fonse) kapab ede-w prepare yon plan pou fanmi-w paske lap idantifie kote yo resevwa moun ak kote yo anrejistre alavans moun ki gen bezwen espesyal-yo.

ALACHUA

224 SE 24th St.
Gainesville 32641
(352) 334-7900
(352) 264-6500

BAKER

480 W Lowder St.
Macclenny 32063
(904) 259-6291
(904) 259-6111

BAY

597 W Eleventh St.
Panama City 32401
(850) 872-4720
(850) 784-4030

BRADFORD

1801 N Temple Ave.
Starke 32091
(904) 964-7732
(904) 966-6336

BREVARD

2575 N Courtenay Parkway
Merritt Island 32953
(321) 454-7111
(321) 637-6670

BROWARD

780 SW 24th St.
Ft. Lauderdale 33315
(954) 467-4700
(954) 831-3905

CALHOUN

19611 SR 20 W
Blountstown 32424
(850) 674-5645
(850) 674-8075

CHARLOTTE

514 E Grace St.
Punta Gorda 33950
(941) 639-1181
(941) 505-4620

CITRUS

3700 W Sovereign Path
Lecanto 34461
(352) 527-1288
(352) 746-6555

CLAY

1305 Idlewild Ave.
Green Cove Springs 32043
(904) 284-6340
(904) 269-0381

COLLIER

3301 Tamiami Trail
Naples 34106
(239) 774-8200
(239) 774-8444

COLUMBIA

217 NE Franklin St.
Lake City 32055
(386) 758-1066
(386) 752-8787

DE SOTO

34 S Baldwin Ave.
Arcadia 34266
(863) 993-4601
(863) 993-4831

DIXIE

1530 SE 12th Ave.
Cross City 32628
(352) 498-1360
(352) 498-1240

DUVAL

515 W Sixth St.
Jacksonville 32206
(904) 630-3300
(904) 630-2472

ESCAMBIA

1295 W Fairfield Dr.
Pensacola 32501
(850) 595-6500
(850) 595-3311

FLAGLER

301 S Lemon St.
Bunnell 32110
(386) 437-7350
(386) 437-7381/7382

FRANKLIN

139 12th St.
Apalachicola 32320
(850) 653-2111
(850) 653-8977

GADSDEN

278 LaSalle Leffall Dr.
Quincy 32351
(850) 875-7200
(850) 627-9233/875-8642

GILCHRIST

119 NE First St.
Trenton 32693
(352) 463-3120
(352) 463-3198

GLADES

956 Hwy 27 SW
Moore Haven 33471
(863) 946-0707
(863) 946-6020

GULF

2475 Garrison Ave.
Port St. Joe 32456
(850) 227-1276
(850) 229-9110

HAMILTON

209 SE Central Ave.
Jasper 32052
(386) 792-1414
(386) 792-6647

HARDEE

115 K.D. Revell Rd.
Wauchula 33873
(863) 773-4161
(863) 773-6373

HENDRY

1140 Pratt Blvd.
LaBelle 33975
(863) 674-4056
(863) 612-4700/983-1594

HERNANDO

300 S Main St.
Brooksville 34601
(352) 754-4067
(352) 754-4083

HIGHLANDS

7205 S George Blvd.
Sebring 33875
(863) 386-6040
(863) 385-1112

HILLSBOROUGH

1105 E Kennedy Blvd.
Tampa 33602
(813) 307-8008
(813) 276-2385

HOLMES

603 Scenic Circle
Bonifay 32425
(850) 547-8500
(850) 547-1112

INDIAN RIVER

1900 27th St.
Vero Beach 32960
(772) 794-7400
(772) 567-2154

JACKSON

3045 Fourth St.
Marianna 32446
(850) 482-9862
(850) 482-9678

JEFFERSON

1255 W Washington St.
Monticello 32344
(850) 342-0170
(850) 342-0211

LAFAYETTE

140 SW Virginia Cir.
Mayo 32066
(386) 294-1321
(386) 294-1950

LAKE

16140 US Hwy 441
Eustis 32726
(352) 589-6424
(352) 343-9420

LEE

3920 Michigan Ave.
Ft. Myers 33916
(239) 332-9511
(239) 477-3600/335-1600

LEON

2965 Municipal Way
Tallahassee 32304
(850) 487-3146
(850) 488-5921

LEVY

66 W Main St.
Bronson 32621
(352) 486-5300
(352) 486-5213

LIBERTY

12832 NW Central Ave.
Bristol 32321
(850) 643-2415
(850) 643-2339

MADISON

800 Third Street
Madison 32340
(850) 973-5000
(850) 973-3698

MANATEE

410 Sixth Ave. E
Bradenton 34208
(941) 748-0747
(941) 749-3022

MARION

1801 SE 32nd Ave.
Ocala 34471
(352) 629-0137
(352) 622-3205

MARTIN

620 S Dixie Highway
Stuart 34994
(772) 221-4000
(772) 288-5694

MIAMI-DADE

1350 NW 14th St.
Miami 33125
(305) 324-2400
(305) 468-5400

MONROE

1100 Simonton St.
Key West 33040
(305) 293-7500
(305) 289-6018

NASSAU

30 S 4th St.
Fernandina Beach 32035
(904) 277-7287
(904) 491-7550

OKALOOSA

221 Hospital Dr., NE
Ft. Walton Beach 32548
(850) 833-9240
(850) 651-7150

OKEECHOBEE

1728 NW 9th Ave.
Okeechobee 34972
(863) 462-5760
(863) 763-3212

ORANGE

604 Courtland St., Suite 200
Orlando 32804
(407) 623-1180
(407) 836-9151

OSCEOLA

1875 Boggy Creek Rd.
Kissimmee 34744
(407) 343-2016
(407) 343-7000

PALM BEACH

826 Evernia St.
West Palm Beach 33402
(561) 840-4500
(561) 712-6400

PASCO

10841 Little Rd
New Port Richey 34654
(727) 869-3900
(727) 847-8137

PINELLAS

205 Dr. ML King St. N
St. Petersburg 33701
(727) 824-6900
(727) 464-3800

POLK

1290 Golfview Ave., 4th floor
Bartow 33830
(863) 519-7900
(863) 534-0350

PUTNAM

2801 Kennedy St.
Palatka 32177
(386) 326-3200
(386) 329-0379

SANTA ROSA

5527 Stuart St.
Milton 32571
(850) 983-5200
(850) 983-5360

SARASOTA

2200 Ringling Blvd.
Sarasota 34237
(941) 861-2900
(941) 861-5300

SEMINOLE

400 W Airport Blvd.
Sanford 32773
(407) 665-3200
(407) 665-5102

ST. JOHNS

1955 US Hwy 1 S, Ste. 100
St. Augustine 32086
(904) 825-5055
(904) 824-5550

ST. LUCIE

714 Avenue C
Ft. Pierce 34950
(772) 462-3800
(772) 461-5201

SUMTER

415 E Noble Ave.
Bushnell 33513
(352) 793-6979
(352) 569-6000

SUWANNEE

915 Nobles Ferry Rd.
Live Oak 32064
(386) 362-2708
(386) 364-3405

TAYLOR

1215 N Peacock Ave.
Perry 32347
(850) 584-5087
(850) 838-3575/838-3576

UNION

495 E Main St.
Lake Butler 32054
(386) 496-3211
(386) 496-4330

VOLUSIA

1845 Holsonback Dr.
Daytona Beach 32117
(386) 274-0500
(386) 254-1500

WAKULLA

48 Oak St.
Crawfordville 32327
(850) 926-3591
(850) 926-0861

WALTON

493 N 9th St.
De Funiak Springs 32433
(850) 892-8015
(850) 892-8065

WASHINGTON

1338 S Blvd.
Chipley 32428
(850) 638-6240
(850) 638-6203

Antre kay-ou ta dwe
gen yon espas pou
sizanka machin'n
ijans-yo ta vle antre
omwen 12 pye de
lajè ak yon espas
pou machin'n-yo
ka vire alèz.

Men ki pi bon bagay pou fè pou deplase pandan yon siklòn:

- Rete veyatif lè yap bay nouvèl move tan-yo. Apran'n konnen diferans ant lè pou veyatif e lè gen yon avètisman.
- Deplase si yo di-w pou fè sa e deplase bonè. Itilize plan-w nan. Pa pran lari san-w pa konnen -kote-w prale.
- Fèmen kay-ou byen fèmen anvan-w ale. Bare fenèt ak pòt an vit-yo ak planch bwa, mare bagay kap flannen nan lakou-a ou byen mete-yo anndan, epi fèmen pòt-ou.
- Pran kòb kach anvan siklòn-la eklate. Bank ak ATM-yo (kote-w pran kòb ak kat-ou) kab fèmen pandan yon bon tan apre loray-la.
- Sil posib, ale kay zanmi-w ou byen fanmi-w nan yon zòn siklòn-nan pap frape nan kominote-a. Apre sa, chèche yon lotel nan yon zòn siklòn-nan pap frape, e si ou pa jwen'n yon kote, ale nan yon kay piblik. Sonje ke kote sa-yo pa konfòtab.
- Moun ki gen bezwen èd espesyal lè yap deplase te dwe anrejistre nan Biwo direksyon ijans kominote-a nan zòn-nan (gade paj 8 nan pati jòn nan mitan-an pou rale-a).

GWO DIFE

Eske wap viv nan yon zòn ki gen anpil pye bwa sèk e ke yon kout zèklè ou byen yon aksidan ta ka mete dife ladan'n?

- Fè yon jan pou kay-ou a pa pran dife fasil paske ou koupe gazon-an, ou ranmase fèy-yo, e ou wete ti branch bwa ak fatra ki nan kanal dlo lapli-a ki sou tèt kay-la. Anpile bwa pou fè dife-yo omwen yon distans 30 pye lwen kay-la. Mete bagay likid ki ka pran dife-yo deyò, nan bidon an fè, omwen yon distans 30 pye lwen mi kay-la ak kloti an bwa-yo.
- Koupe kèk pye bwa pou dife pa pran ladan-yo epi netwaye toutotou kay-la sou yon distans 30 pye konsa. Asire-w ke moun kap repon'n ijans-yo kapab rive fasil nan kote ki gen dlo-yo, tankou bouch dlo ponpye-yo, lanmè grate-yo, pisin'n ak pwi-yo.
- Pou pwoteje kay-ou, itilize materyèl ki pa pran dife fasil, bagay kap pwoteje tèt kay-la ak materyèl tankou roch, brik ou byen fè.



Pou enfòmasyon ki pi nouvo sou zafè preparasyon Florida-a, avèk adrès sou Entènèt pou ka jwen'n bon resous, annyk vizite sit www.myflorida.com e klike sou fraz ki di **Keeping Florida Prepared**. Si ou pran kelke minit pou fè sa kounyenan, sa ka fè yon gran diferans pita.

Gouvènè Jeb Bush

menas lèzòm fè—sa pou konnen

Teworis

Menas Radiologik

Pwodi Biologik

Pwodi Chimik

Depatman Biwo
Lasante pou kontròl
radiasyon-an gen
yon laboratwa
radiasyon ki mobil e
ki kapab ede lè gen
ijans, e li travay 24
trè sou 24 ak yon
nimewo telefòn
(407) 297-2095,
pou ijans
radiasyon-yo.

Gouvènman Etazini ak moun kap bay nouvel-vo pale anpil de menas lèzòm fè kont Etazini, e menas sa-yo vin'n tounen yon reyalite depi gwo katastròf 11 sektanm 2001-an. Depi lè-a, sekirite peyi-a ogmante e tout moun

vin'n pi veyatif; efò pou nou repon'n apre katastròf-yo ogmante tou.

Enfòmasyon sou dega lèzòm ka fè ke nou pral bannou la-a se tout kalite enfòmasyon ke Sant Ameriken pou kontròl ak previzyon maladi-yo (CDC) ak Depatman sante nan Florida mete ansanm. Se pou konnen ke gwo dega lèzòm sa-yo trè trè difisil pou fè e li trè trè difisil tou pou fabrike bagay pou fè dega sa-yo.

ATAK TEWORIS

Atak teworis kapab fèt plizyè jan. Moun fèt pou toujou ap siveye lantouraj-yo e fè otorite nan zòn-nan konnen tout aktivite sispèk kap pase. Lè wap vwayaje, se pou veye konpòtman lòt moun ki dwòl ou byen klè devan je-w. Pa pote komisyon pou moun ou pa konnen. Pa kite malèt-ou pou kont-yo nan ayewopo-yo ou byen bildin'n piblik-yo.

Lè wap fè Plan pou katastròf ak ijans fanmi-w nan, men ki lòt bagay pou fè:

- Chèche konnen plan ijans lekòl tout timoun ki gen laj pou yal lekòl-yo.
- Pa kite timoun-yo gade twòp nouvel ak rapò sou atak teworis-yo. Timoun piti-yo pa kapab fè diferans ant nouvel ki pase e yo kapab konpran'n ke atak teworis-yo toujou ap fèt.
- Lè yon katastròf rive, fèmen tout ventilatè, aparèy chofaj, aparèy èkondisyone-yo epi chemine-an tou.

MENAS RADIOLOGIK

Pa gen anpil chans pou yon izin'n nikleyè ta lague materyèl radioaktif pa aksidan ou byen yon atak teworis. Men, tout moun te dwe konnen ekzistans menas radiologik e kòman pou yo degage-yo avèk yo.

Yon “bonm sal” (“dirty bomb”) ke yo rele aparèy pou gaye pwodwi radiologik (RDD), genyen ladan'n eksplozif nòmal-yo tankou dinamit ak materyèl radioaktif, ki se ba fè ki te nan reaktè nikleyè-yo ou byen ke yo itilize nan komès.

- Bonm sal-yo pa zam nikleyè e yo pa ka kreye eksplozyon nikleyè.
- Yo kab itilize tout kalite materyèl radioaktif nan yon bonm sal, men an general, bagay sa-yo pa vreman fè yon efè serye sou sante-w, sèlman dega eksplozif kap eklate-yo fè. Radioaktivite yon bonm sal ka gaye an lè-a e yap pèdi konsantrasyon-yo, sa pral diminye doz tout moun ki lwen eksplozyon-an ta ka jwen'n. Yo kab mande moun, kap viv ou byen kap travay yon kote van-an kab brote pousyè radiologik-yo sou yo apre yon eksplozyon, deplase pou plis prekosyon.

Pou plis enfòmasyon sou sekirite nasyonal, ale sou Entènèt-la: ■ Depatman Ameriken sou sekirite tè-a “U.S. Department of Homeland Security” www.whitehouse.gov/homeland

Pou plis enfòmasyon sou sekirite nan Florida: ■ www.myflorida.com klike sou “Keeping Florida Prepared” ■ www.fdle.state.fl.us/osi/domesticsecurity ■ www.floridadisaster.org

Pou plis enfòmasyon sou bagay yo rele Potasiòm yode-a: www.cdc.gov/nceh/radiation/ki.htm

- Si ou ekspozè tèt-ou nan yon kontaminasyon radioaktif ki pa twò fò, li kapab ogmante tou piti chans pou gen kansè lan ane kap vini-yo. Men, si ou ekspozè tèt-ou nan yon radyasyon ionize ki pi fò, li kapab ba-w maladi radyasyon ou byen maladi pwazon radyasyon-an menm. Efè maladi-a ap depan’n sou ki kantite materyèl radioaktif ki genyen nan bonm-nan, ki kalite materyèl yo te sèvi, e a ki distans li te gaye.

Eksplòzyon nikleyè-yo rive lè yo mete yon gwo kantite materyèl radioaktif ki trè fò-yo ansanm, ki vin’n fè yon reaksiyon ekstraodinè swivi swivi e ki pwodwi anpil enèji.

- Pou yon eksplòzyon nikleyè ta fèt pou tèt teworis, se yon bagay ki pa rive fasil menm.
- Pou fabrike e pou fè yon zam nikleyè eklate, sa mande materyèl espesyal ke yap siveye tout tan e anpil eksperyans.

Florida gen senq reaktè nikleyè komèsyal ki lan twa adrès diferan — Crystal River (yon reaktè), ki apeprè 60 kilomèt pi wo pase Tampa; St. Lucie (2 reaktè), ki yon ti jan pi ba pase Ft. Pierce; e Turkey Point (2 reaktè), ki bò kote Homestead.

- Gen yon lòt izin’n nikleyè ki genyen 2 reaktè, nan Farley (tou pre Dothan, Alabama), ki ta kab gen yon efè sou moun nan Florida tou, sizanka ta gen yon ijans. Tout se kompayi prive ke moun ap dirije e ke Gwoup Ameriken pou zafè nikleyè-yo “U.S. Nuclear Regulatory Commission” (NCR) ap kontrole. Règ NCR-yo trè sevè e yo fè enspeksyon souvan pou asire-yo ke se nivo sekirite ki pi wo-a ke yo genyen nan izin’n kap bay enèji nikleyè-yo.
- Dirijan leta-yo ak sa ki nan zòn-nan toujou ap fè ekzesis pou teste kapasite repons-yo.

AKTION AK TRETMAN POU IJANS RADIOLOGIK-YO

- Nan yon ijans radiologik, piblik-la te dwe koute nouvel mesaj ijans nan zòn-nan, ki pral di sa pou moun fè pou deplase, kote pou yo ale, e lòt bagay yo kapab fè ankò pou pwoteje tèt-yo.
- Lè gen yon ijans radiologik, pi bon jan pou pwoteje moun-yo se deplase yo paske plis distans ki genyen ant ou-menm ak sous radyasyon-an, mwens wap ekspozè kò-w. Lè li pa posib pou deplase, kote yo range pou resevwa moun-yo bon tou.
- Se pou yo lave moun ki ekspozè nan mikròb radioaktif ki gen anlè-a pou wete kontaminasyon ki sou po-yo.
- Si ta gen yon aksidan nan yon reaktè nikleyè ou byen yon zam nikleyè, yon kantite move pousyè radioaktif yode ap gaye anlè-a. Yon fason pou ta fè tretman pou moun ki ta ekspozè nan radiyodè-a e anpeche-l antre nan glan’n nan kou-w, se pou nou ta bay moun-yo potasiòm yode (KI). Si yon moun ta pran yon doz KI anvan ou byen touswit apre pwodwi sa-a ta antre sou-ou, gen mwens chans ke glan’n nan kou-w ta vin’n malad.
- Peyi Florida, avèk otorite nan zòn-nan ak nan kominote-a, anpile yon pakèt gren’n KI pou yo distribiye bay moun kap viv pre izin’n nikleyè-yo, sizanka ta gen yon ijans. Distribisyon sa-a tap fèt nan yon seri de sant kote yap resevwa moun, kote sa-yo sou lis pou yo tounen sant pou ijans izin’n nikleyè-yo.

Gen yon seri enfòmasyon pou pati liv sa-a ke yo te jwen'n nan CDC. Paske enfòmasyon kapab chanje, vizite sit CDC-a nan Entènèt pou enfòmasyon sou mikròb biyologik ou byen chimik: www.bt.cdc.gov

Vizite Depatman Lasante nan Florida "Florida Department of Health" sou sit Entènèt nan: www.doh.state.fl.us

Se CDC kap okipe Depatman Nasyonal kap anpile pwodi famasi-yo "The National Pharmaceutical Stockpile" (NPS). Li genyen ladan'n medikaman ak bagay ki nesèsè pou trete zam kap detwi anpil moun-yo "Weapons of Mass Destruction" (WMD). Yo kapab voye pwodi sa-yo nenpòt ki kote nan Etazini nan 12 zèd tan.

PWODI BIYOLIK

Mikròb biyologik tankou bakteri, viris ak mikròb kapab bay moun, bèt ak plant, maladi ki kapab touye-yo. Li trè zenpòtan ke moun realize ke pa gen anpil nan tout bakteri ak viris sa-yo ke teworis-yo kapab itilize kòm zam. Preske tout mikròb biyologik sa-yo pa kapab viv nan tout tanperati ou byen yo pa ka jwen'n yo fasil epi yo twò difisil pou grandi.

Si otorite gouvènman-yo vin'n konnen ke gen yon atak biyologik ki fèt, yap fè tout moun ki nan zòn-nan konnen ki pi bon bagay pou yo fè dapre ki sikonstans atak-la fèt.

Antrax se yon maladi ke yon mikròb yo rele *Bacillus anthracis* bay.

Antrax se yon maladi ki frappe bèt nan bwa ak nan kay tou, men li kon'n atake moun tou. Sa kapab rive lè moun al tou pre bèt ki malad-yo, kò-yo ou byen toupre bakteri ke yo voye anlè, petèt yo fè sa ekspre.

Efè maladi-a varye dapre jan ou pran maladi-a, men efè-yo parèt sou-ou le pli souvan anvan 7 jou.

- Yo rekonèt Antrax kòm yon mikròb vivan teworis-yo itilize paske moun ka pran nan mikròb-la si yo fè ekspre gaye antrax-la anlè. Li trè difisil pou touye antrax-la.
- Ou ka pran anthrax 3 fason: pa po-w, pa respirasyon (li rantre nan poumou-w), e si ou bwèl-l (li antre nan vant-ou).
- Maladi-a pa gaye souvan ditou nan kontak dirèk yon moun ak yon lòt, men yo di maladi-a travèse sòti lan yon moun al jwen'n yon lòt pa kontak po-li.

Lawoujol se yon maladi ke mikròb yo rele variola viris-la ki fò, ki kapab sòti nan yon moun al lan yon lòt, e gen defwa li ka touye-w tou, ki ba-w lafièv e yon lagratèl kap laji sou po-w. Denye ka lawoujol ki te declare nan Etazini, se te nan ane 1949. Lan ane 1980, yo te disparèt maladi sa-a nan le monn apre yo te fè pwogram vaksinasyon-yo. Men, depi apre evenman ki sot pase nan peyi isit, Gouvènman federal-la ap pran anpil prekosyon pou yo goumen ak lawoujol, sizanka yo ta itilize-li kòm zam biyologik.

- Viris lawoujol-la frajil. Lè yap fè eksperyans laboratwa, plis ke twaka (90 pou 100) viris lawoujol yo flite mouri nan 24 trè ; lè ou mete-yo nan limye mòv-la (UV), (ou byen si ou mete yo nan solèy), plis la dan-yo mouri ankò.

Maladi yo rele Lapès-la se yon enfeksyon ke bakteri yo rele *Yersinia pestis*-la ki atake bèt ak moun bay.

Lapès-la gen 3 fòm ou byen etap: bibonik (lè li konsantre nan pati kò-w ki kenbe mikròb-yo), sektisemik (nan san-w), e nemonik (nan sistem respiratwa-w). Li kapab touye anpil, anpil moun. Prekosyon nòmal depatman sante piblik-yo toujou pare pou korespon'n ak tout kalikè lapès-yo. Yon mwayen'n 5 a 15 ka lapès rive chak ane nan zòn lwès Etazini. Ka sa-yo le pli souvan tout kote e yo rive nan pwovens ou byen tou pre pwovens-yo.

- Yo kapab itilize bakteri ki lakòz lapès-la nan yon atak teworis ki fèt ak boutèy pou flite-yo. Yo kapab touye bakteri yo rele *Yersinia pestis*-la fasil si-w ou mete-l nan solèy ou byen ou kite-l sèch. E menm si sa, si ou lague-l lan van, bakteri sa-a ka rete vivan pandan inèd tan. Yo pa kwè ke yon atak yo fè ak bakteri yap flite anlè ta kapab lakòz yon epidemi 6 jou apre moun fin'n pran ladan'n.

- Pou ta ka fabrike yon bon zam ak bakteri yo rele *Yersinia pestis*-la, fòk ou ta gen anpil konesans ak teknoloji.

Tularemia se yon bakteri natirèl ki aji sou lapin sovaj. Moun ta kab pran maladi sa-a natirèlman si yon ti bèt ki malad mode-yo, ou byen si yo pran kontak ak san ou byen kò bèt ki malad-yo.

- Yo kapab prepare Tularemia pou-l tounen yon bakteri ke yo voye anè ekspre pou moun ka respire-li.

Maladi Botilis-la se yon maladi ki pa rive souvan men ki paralize mis nan kò-w ke yon mikròb ke bakteri yo rele *Clostridiòm botilinòm*-nan fè. Ou kapab jwen' n *Clostridiòm botilinòm* nan tè tout kote nan mon' n nan.

- Bakteri sa-a reprezante yon menas biyolojik paske li kapab fè anpil dega, e li mande anpil swenyan pandan yon bon tan pou moun ki malad-yo.
- Yo kapab gaye mikròb botilinòm-nan ak yon boutèy pou flite ou byen yo kapab mete-li nan manje. Yon moun pa kab bay yon lòt moun botilis-la.
- Botilis nan manje-a ka rive lè yon moun vale mikròb yo fabrike-yo. Depi tout tan, fason ki rive pi souvan pou botilis antre nan manje nan peyi Etazini se nan manje ke yo sere nan bwat lan kay-la.
- Lòt fòm botilis-yo se botilis nan tibebe e lè-w blese. Chak ane, botilis tibebe rive nan yon ti kantite tibebe ki kenbe *Clostridiòm botilinòm* nan trip-yo. Botilis lè-w blese rive le kote-w blese-a vin' n enfekte ak *Clostridiòm botilinòm* ki fabrike mikròb-la.

Risen se yon mikròb ki kapab fèt ak ma ki rete lè wap travay sou gren' n plant yo rele kastor-a. Yo kapab fè-l sou fòm yon poud, ti gren' n, ou byen yo kapab delye-l nan dlo ou byen yon asid fèb. Si fè trè frèt ou byen trè cho, sa pa fè gran efè sou li.

- Si poud risen-an trè fin moun kapab respire-l.
- Risen kapab antre nan dlo ou byen manje tou e moun kab vale-l. Avèk ti gren' n risen, ou byen risen delye nan yon likid, yo kapab ba-w yon piki pou li rantre nan kò-w.
- Jan risen-an travay sè ke li anpeche selil kò-w fabrike pwotein' n li bezwen. San pwotein' n-nan, selil kò-w ap mouri. E si sa kontinye kon sa, tout kò-a kaba.
- Yon moun ki pran nan pwazon risen pa kapab bay yon lòt moun-li.

Fyèv emoraji viris-yo, tankou sa yo rele Marburg e Ebola ki bay maladi lafièv-yo, se de gwo maladi pou moun ak makak-yo tou.

- Peyi Larisi te kon' n itilize viris-sa-yo kòm zam, men fason pou fè-l la trè difisil e sa mande gwo teknoloji. Yo pap fasil itilize-yo kòm zam teworis; men gouvènman federal-la te deja idantifye-yo kòm zam biyolojik teworis-yo ta ka fè.

Se CDC ki kenbe
rezèv Nasyonal
Famasi-an “The
National
Pharmaceutical
Stockpile” (NPS).
Se medikaman ak
bagay ki nesesè pou
trete domaj zam kap
detwi anpil moun-
yo “Weapons of Mass
Destruction” (WMD)
li gen ladan’n.
Yo kapab voye
pwodi sa-yo nenpòt
ki kote nan Etazini
nan 12 zèd tan.

PWODI CHIMIK

Pwodi chimik-yo trè zenpòtan nan vi-nou. Yo se yon pati natirèl e enpòtan nan lantouraj-nou, e menm si nou pa panse a sa, nou itilize pwodi chimik chak jou. Yo ede-nou kenbe manje-nou fre e kò-nou pwòp. Yo ede plant-nou grandi e yo fè machin’n-nou mache. Anpil moun panse ke pwodi chimik se sèlman pwodi yo itilize nan izin’n pou fabrike lòt bagay. Men ou kapab jwen’n pwodi chimik tout kote – nan kwizin’n, nan ti bifèt nan twalèt-yo, besment ak garaj.

Gen de sityasyon, pwodi chimik-yo kapab tounen pwazon ou byen gen yon move efè sou sante-nou. Genyen ladan-yo ke yo konsidere kòm bon e yo menm kapab ede-w si se yon ti kantite, e yo kapab genyen yon move efè sou-ou si yo an gran’n kantite ou byen dapre sèten kondisyon.

Aksidan ak pwodi chimik kapab rive lakay-ou ou byen nan zòn-nan, e kounyen-an peyi-a fèt pou veyatif sou posibilite yo lagwe pwodi chimik-yo ekspres, menm pwodi chimik pou fè lagwè.

Gen 3 fason yon moun kapab pran nan pwodi chimik: ou ka respire-li, vale manje ki enfekte, bwè-l nan dlo, medikaman ou byen nan tè-a; ou kapab manyen yon pwodi chimik tou, ou byen yon rad ki te an kontak ak pwodi sa-yo ou byen yon bagay ki te kole ak yon pwodi chimik.

Si yon atak chimik teworis ta fèt, se ta plis avèk yon pwazon endistryèl yo ta lagwe, tankou kloròx, amoniak olye se ta pwodi chimik pou fè lagwè.

Pwodi chimik lagwè se lafimen pwazon, flit, likid ak solid ki genyen yon efè negatif sou moun, bèt ak plant. Pwodi chimik lagwè difisil pou pote an kantite ki kapab touye moun e yo difisil pou fè. Lè yo deyò, yo disparèt vit.

Yo kapab rekonèt pwoblèm chimik le pli souvan paske efè maladi-a gaye rapid e yo kapab rekonèt fasil mak yo kite. Maladi-yo pi grav dapre ki kalite ak ki kantite pwodi chimik yo itilize e ki kantite tan moun te rete bò kote-l.

Pwodi ki gen cyanide-yo, tankou hydrogen cyanide e cyanogens chloride, tou de se pwodi chimik endistryèl e pwodi chimik pou fè lagwè.

- Gaz cyanide-yo disparèt trè vit nan preske tout kalite tanperati.
- Se gwo danje lè yo respire-yo, men gen lòt pwodi ki kapab touye-yo nou ka jwen’n nan lopital e rezèv famasi leta-yo.

Pwodi moutad-yo san koulè, yo tankou grès, likid san odè ke yo kapab flite pou fè yon lafimen.

- Pwodi moutad-yo antre nan kò-w si ou respire-yo ou byen si yo ale sou po-w e yo domaje nenpòt ki pati nan kò-w ki manyen avèk yo, e yo fè gwo boul plen dlo sou po-w.
- Yo ka fè-w avèk e touye-w menm tèlman yo manje poumon-w.

Prekasyon pou pran lakay:

- Sere pwodi chimik-yo byen sere.
- Pa janm fimen lè wap itilize pwodi chimik pou kay. Pa itilize flit pou cheve, likid pou netwaye, pwodi pou penti, pwodi pou touye ti bèt, toupre dife sou yon fou, ti flanm dife nan fou-a, bouji tou limen, chemine, fou pou boule bwa, eksetera.
- Si yon pwodi chimik tonbe, netwaye-l tou swit. Pran tè ki nan bwat chat-yo pou bwè likid-la epi apre netwaye-l ak yon moso rad. Mete rad-yo deyò pou lafimen-a kapab sòti deyò nan yon kote ki san pwoblèm.
- Jete pwodi chimik-yo nan bwat byen fèmen.
 - Apran' n plis toujou sou pi bon fason pou jete pwodi chimik nan depatman lasante nan kominote-w la ou byen kote yo jete fatra-yo.

Sarin ak lòt pwodi ki aji sou nè-w, tankou soman e tabun, sòti nan pwodi ke yo te premye itilize pou touye ti bèt kap manje plant-yo.

- Bagay sa-yo kapab fè anpil dega nan kò moun.
- Yo tout se likid ki gen tanperati pyès kay-la, men yo fè plis dega lè yo flite-yo anlè. Yo ka antre nan po-w ak nan zye-w, men yo antre pi vit lè-w respire-yo.

VX se yon pwodi ki aji sou nè-w. Se yon lwil ki fèt pou rete nan lantouray-la pandan anpil tan.

- Lè-l likid, li sanble lwil motè.
- VX kapab antre nan ko-w lè ou manje-l, nan zye-w ou byen po-w, ou byen ou kapab respire-l tankou yon van.

AKSYON AK TRETMAN OU KAPAB FÈ APRE YON KATASTRÒF CHIMIK OU BYEN YON IJANS

- Toutswit apre ou ekspozè tèt-ou nan yon pwodi chimik, ou ka pa wè byen, zye-w grate-w, ou ka gen difikilte pou respire e ou ka gen anvi vomi.
- Eseye bay van-an do e mache lwen kote ki gen pwodi sa-yo le pli vit posib san-w pa kouri (si ou kouri, wap akselere respirasyon-w e wap ale plis move pou pwodi sa-yo anndan-w).
- Si yon likid vole sou rad-ou, wete-l, e fè byen atansyon pou likid-la pa manyen ak po-w. Si ta gen yon likid tankou lwil sou po-w, grate-l soti. Mete dlo nan zye-w. Swiv sa otorite-yo ap di-w fè lè yo rive nan zòn-nan.
- Yo kab mande-w pou al wete pwodi-yo sou ou e yo ka ba-w lòt bagay pou konbat pwodi-yo dapre sa-w santi.
- Si ou lakay-ou ou nan travay-ou, yo kapab di-w sa pou fè pou deplase.

si ou prepare e si ou konnen,
wap bay tèt-ou ak fanmi-ou
pouvwa pou yo batay



pou plis enfòmasyon

Peyi Florida - State of Florida

www.myflorida.com

Depatman lasante nan Florida: Depatman lasante nan kominote-yo

Florida Department of Health: County Health Departments

www.doh.state.fl.us

Depatman kontròl ijans nan Florida - Florida Division of Emergency Management

www.floridadisaster.org

Lakwa wouj Ameriken - American Red Cross

www.redcross.org

Ajans federal pou kontròl ijans(FEMA)

Federal Emergency Management Agency (FEMA)

www.fema.gov

Administrasyon nasyonal pou lanmè ak syèl-la (NOAA)

National Oceanic and Atmospheric Administration (NOAA)

www.noaa.gov

Sèvis nasyonal pou nouvell move tan - National Weather Service

www.nws.noaa.gov

Depatman Ameriken pou Sekirite Peyi-a - U.S. Department of Homeland Security

www.ready.gov

www.whitehouse.gov/homeland

Sant pou kontròl ak prevansyon maladi (CDC)

Centers for Disease Control and Prevention (CDC)

www.cdc.gov

USDA Enfòmasyon sou sekirite manje-yo ak konsomatè-a

USDA Food Safety and Consumer Information

www.fsis.usda.gov/OA/consedu.htm

(pou jwen'n liv sou ti bèt yo rele "Bad Bug Book"-la ,vizite

<http://vm.cfsan.fda.gov/~mow/intro.html>)

Food Safety.gov (li fè pati Sistèm nasyonal pou enfòmasyon sou manje)

Food Safety.gov (part of the National Food Safety Information Network)

www.foodsafety.gov/~fsg/fsgadvic.html

Pwogram nasyonal sou asirans pou inondasyon - National Flood Insurance Program

1-800-427-4661